

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Pangajaran nulis karangan déskripsi ngagunakeun modél pangajaran *Writing Workshop* ka siswa SMP Negeri 14 Kota Sukabumi bisa dicindekkeun saperti di handap.

- a. Kamampuh awal siswa dina nulis karangan déskripsi di kelas ékspérimén nyaéta can mampuh (67,73) sedengkeun kamampuh ahir sanggeus maké modél *Writing Workshop* jadi mampuh (78,60). Sedengkeun skor aspék nu diajén di kelas ékspérimén nyaéta 1165 rata-ratana 27,09, sedengkeun di kelas kontrol nyaéta 1352 rata-ratana 31,4. Cindekna aya peunteun nu ngaronjat ditilik tina aspék nu diajén jeung rata-rata peunteun antara *pre-test* jeung *post-test*.
- b. Kamampuh ahir siswa dina nulis karangan déskripsi di kelas kontrol nyaéta can mampuh (67,5) sedengkeun kamampuh ahirna jadi mampuh (73,40). Sedengkeun aspék nu diajén di kelas di kelas kontrol nyaéta 1263 rata-ratana 29,4. Cindekna aya peunteun nu ngaronjat ditilik tina aspék nu diajén jeung rata-rata peunteun antara *pre-test* jeung *post-test*. skor .
- c. Bédana antara kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi di kelas ékspérimén jeung kontrol nyaéta kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi di kelas ékspérimén sanggeus dilaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél *Writing Workshop* bisa ngaronjat sacara signifikan tibatan kelas kontrol. Ieu hal bisa ditingali tina hasil *post-test* antara kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Nilai rata-rata di kelas ékspérimén nyaéta 78,92, sedengkeun nilai rata-rata di kelas kontrol nyaéta 74,38. Hartina kelas ékspérimén leuwih ngaronjat tibatan kelas kontrol.

Ieu hal ogé bisa dibuktikeun tina hasil  $t_{itung}$  kelas ékspérimén nu leuwih luhur tibatan kelas kontrol. Kelas ékspérimén  $t_{itung} 2.80 > t_{tabel} 1.663$  hartina hipotésis kerja ( $H_1$ ) ditarima yén modél pangajaran *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi ti batan modél

konvensional jeung aya bédana anu signifikan dina taraf signifikansi 5%, sedengkeun kelas kontrol  $t_{itung} 0.00 < t_{tabel} 1.633$  hartina hipotésis nol ( $H_0$ ) ditarima yén Modél pangajaran *Writing Workshop* sarua jeung modél pangajaran konvensional, teu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi jeung aya bédana anu signifikan dina taraf signifikansi 5%.

- d. Modél pangajaran *Writing Workshop* nyaéta salasahiji modél alternatif anu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi anu hadé, jeung bisa ngajadikeun siswa aktif jeung kreatif dina prosés pangajaran tur bisa ngirut panitén siswa sangkan daék diajar basa Sunda, hususna dina kaparigelan nulis.

## 5.2 Saran

Salaku panyusun sakaligus panalungtik dina ieu hal, aya sawatara saran nu sifatna *konstruktif* nu bisa diébréhkeun pikeun kamajuan jeung kamekaran basa Sunda di lembaga atikan. Anapon saran-saran nu bisa diébréhkeun nyaéta:

- 1) Hasil ieu panalungtikan, nuduhkeun yén modél pangajaran *Writing Workshop* téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi tibatan modél konvensional. Ku kituna ieu modél pangajaran, bisa dipaké ku guru dina prosés pangajaran nulis, hususna pangajaran nulis karangan déskripsi.
- 2) Dina prosés ngalarapkeun modél pangajaran *Writing Workshop*, sangkan hasilna nyugemakeun, kudu merhatikeun léngkah-léngkah pangajaranana nu ngawengku *mini lesson, writing time and conference, jeung sharing time*.
- 3) Modél pangajaran *Writing Workshop* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi anu hadé, jeung bisa ngajadikeun siswa aktif, kreatif jeung parigel dina prosés pangajaran tur bisa ngirut panitén siswa sangkan daék diajar basa Sunda, hususna dina kaparigelan nulis. Ku kituna pihak sakola, bisa ngayakeun sosialisasi ngeunaan ieu modél pangajaran, hususna ka guru bidang studi basa sangkan ieu modél pangajaran bisa dilarapkeun dina prosés pangajaran nulis, hususna nulis karangan déskripsi. tur dipiharep aya panalungtikan satuluyna ngeunaan ieu modél pangajaran.

